

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa cara pikeun matotoskeun masalah panalungtikan anu dilaksanakeun kalawan dirarancang heula sacara gemet, anu maksudna sangkan meunang fakta jeung kacindekan sangkan bisa mikaharti, ngajelaskeun, ngaramalkeun, jeung ngadalikeun kaayaan. Méthode mangrupa cara digawé sangkan paham jeung bisa neuleuman kana objék anu jadi sasaran panalungtikan (Syamsudin jeung Damaianti, 2006: 14).

Ieu panalungtikan dipilampah kalawan ngagunakeun méthode distribusional jeung téknik analisis unsur langsung (*Immediete Constituent/analisis konstituen*). Nurutkeun Kridalaksana, méthode distribusional nya éta “*metode analisis bahasa yang memerikan distribusi unsur-unsur fonologis, gramatikal atau leksikal, dalam satuan yang lebih besar misalnya morfem dalam kata, atau frasa dalam klausa*” (2001: 13). Analisis unsur langsung nya éta “*analisis kalimat atas unsur-unsur yang lebih kecil; setiap konsituen yang dapat dianalisis dapat dianalisis lagi atas konstituén, sehingga kalimat dapat dipandang sebagai terjadi atas lapisan-lapisan konstituen*” (2001: 13).

#### 3.2 Disain Panalungtikan

Disain panalungtikan (*research design*) nya éta *the overall plan for collecting data in order to answer the research question. Also the specific data*

*analysis techniques or methods that the researcher intends to use* (Fraenkel jeung Wallen, 2007: G-7). Disain panalungtikan nya éta gembleran rencana pikeun ngumpulkeun data dina raraga ngajawab pertanyaan panalungtikan, ogé téknik analisis atawa métode husus anu rék digunakeun ku panalungtik.

Gembleran rencana anu rék dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana panalungtikan kualitatif. Dina ieu panalungtikan, modus métode anu digunakeun nya éta métode distribusional, sakumaha anu dipedar dina bagian 3.1 anu dilaksanakeun langsung ku panalungtik. Akar filsafatna nya éta fénoménologi. Dina fénoménologi, nurutkeun Poedjawijatna (1994: 140), manusa henteu nyiptakeun ajén tingkah laku, tapi manusa ngaku kana ajén-ajén sarta dina kahirupanana éta ajén-ajén téh diturut. Filsafat fénoménologi nurutkeun Anshory (2012), meredih sangkan panalungtik icikibung salaku subjék sakaligus objék dina panalungtikan. Panalungtik lumampah salaku instrumén ngama'naan réalitas, ngama'naan gejala-gejala anu nyampak, boh dibarengan ku instrumén séjén boh henteu. Dina ieu panalungtikan digunakeun instrumén séjén anu diperlukeun dina analisis data, mangrupa kartu data. Ngumpulkeun data dilaksanakeun kalawan téknik téks tina sumber data *paper*. Analisis data dilaksanakeun kalawan analisis struktur jeung sémantik, téknik analisis unsur langsung (analisis konstituén). Tujuan tina ieu panalungtikan nyoko kana pamahaman jeung déskripsi. Sampel anu digunakeun mangrupa sampel nonrandom (henteu acak) mangrupa sampel purposif. Tina ieu panalungtikan dipiharep kapanggih hasil mangrupa formula has adegan kalimah tarjamah Qur'an basa Sunda anu bisa diterapkeun dina

panalungtikan lian ku panalungtik séjén anu nuduhkeun yén ieu panalungtikan téh valid tur réaliabel.

### 3.3 Wangenan Operasional

Sangkan jelas tur aya kasaruwaan pandangan ngeunaan istilah-istilah poko anu dipaké dina ieu panalungtikan, perlu diwincik wangenan operasional nya éta ieu di handap.

- a. Adegan kalimah nya éta tata susun kalimah katut babagianana. Contona kalimah “Kuring ngala lauk kamari.” mibanda adegan anu polana jejer, caritaan, udagan, jeung katerangan (J+C+U+K).
- b. Basa Sunda nya éta basa indung urang Sunda anu diparaké kénéh ku masarakatna boh di tatar Sunda boh di luareun tatar Sunda; dina hal ieu, basa Sunda dipaké dina tarjamah Qur'an.
- c. Tarjamah nya éta hasil prosés mindahkeun basa sumber kana basa sasaran kalawan ngungkabkeun deui ma'na basa sumber kalawan ngagunakeun adegan basa sasaran.
- d. Qur'an nya éta kitab suci umat agama Islam anu diwahyukeun ka Kangjeng Nabi Muhammad SAW ngaliwatan Malaikat Jibril.
- e. Analisis struktur nyoko kana rucatan fungsi jeung katégori kalimah dina tarjamah Qur'an saperti J: K/FB jeung C: K/FG.

Conto 1 Kalimah Salancar: Kuring maca buku.

Analisis Struktur: J:KB + C:KG + U:KB

Conto 2 Kalimah Rangkaian: Basa datang, manéhna keur diuk.

Analisis struktur: K: Klausa Sélér Waktu + J:KB + C:FG

- f. Analisis sémantik nyoko kana peran sémantis unsur kalimah salancar jeung hubungan sémantis antarklausa dina kalimah rangkepan.

Conto 1 kalimah salancar: Kuring maca buku.

Analisis sémantik: palaku + kalakuan + pangrandap.

Conto 2 kalimah rangkepan: Basa datang, manéhna keur diuk.

Analisis sémantik: hubungan waktu (témporal).

### 3.4 Sumber Data

Sumber data ieu panalungtikan nya éta kitab tarjamah Qur'an dina basa Sunda. Kaidéntifikasi kitab tarjamah Qur'an basa Sunda anu kungsi terbit, saperti dina tabél ieu:

**Tabel 3.1**  
**Kitab Tarjamah Qur'an Basa Sunda anu Kungsi Terbit**

No	Judul Tarjamah	Panyusun	Taun Terbit
1	2	3	4
1.	<i>Qur'an Sundawiyah</i>	(Teu kacatur)	1927
2.	<i>Tafsir Hibarna</i>	Kol. Isa Edris	1932
3.	<i>Al-Amin, Al-Qur'an Tarjamah Sunda</i>	K.H. Qamaruddin Shaleh, H.A.A. Dahlan, jeung Yus Rusamsi	1971 (cetakan kahiji)
4.	<i>Al-Kitabul Mubin</i>	K.H. Mhd. Ramli	1974

1	2	3	4
5.	<i>Tafsir Qur'an basa Sunda</i>	H. Oemar Bakry jeung Bachtiar Surin (Tarjamah ku Sayudi)	1991
6.	<i>Nur Hidayah, Saritilawah Qur'an Basa Sunda</i>	R.H. Hidayat Suryalaga	1994
7.	<i>Ayat Suci Lenyepaneun</i>	E. Hasim	1984
8.	<i>Al-Munir, Tarjamah Qur'an Basa Sunda</i>	Prof.Dr.H.Djawad Dahlan	2005
9.	<i>Al-Qur'an Miwah Tarjamah dina Basa Sunda</i>	Proyek Penerbitan Mushaf Qur'an Sundawy, Pemprov Jawa Barat	2005

(Sumber: Usep Romli H.M., 2012)

Tina sajumlahing kitab tarjamah anu diwincik di luhur, dicokot hiji kitab tarjamah anu judulna *Al-Amin, Al-Qur'an Tarjamah Sunda*, susunan K.H. Qamaruddin Shaleh, H.A.A Dahlan, jeung Yus Rusamsi, diterbitkeun ku CV Diponegoro, Bandung, taun 2003 mangrupa citakan ka-5 pikeun sumber data.

Pikeun ngalengkepan déskripsi hasil analisis, dina raraga mikaweruh ma'na kalimah tarjamah, dipedar tarjamah/tafsir kalawan nyumber kana kitab tarjamah *Ayat Suci Lenyepaneun* susunan E. hasin (1984) tur dilengkepan ku tafsir *Fizhilalil Qur'an* susunan Sayyid Quthb (2001).

Nangtukeun éta kitab-kitab téh minangka sumber data dumasar kana tinimbangan waktu, tanaga, tur waragad (Arikunto, 2010: 183).

Ieu sumber data kaasup kana sumber data *paper*. Sakumaha ceuk Arikunto, sumber data *paper* téh mangrupa simbol bisa mangrupa kertas atawa barang anu digunakeun dina métode dokuméntasi (2002: 107).

Tina kitab *Al-Amin, Al-Qur'an Tarjamah Sunda*, kacatet 6316 ayat, anu ngawengku Surat Makiyah sajumlah 4735 ayat, Surat Madaniyah sajumlah 1503 ayat, jeung Surat Makiyah-Madaniyah sajumlah 78 ayat. Éta ayat-ayat téh mangrupa populasi panalungtikan.

Tina populasi panalungtikan, dipilih 100 ayat anu réprésentatif pikeun dijadikeun sampel, kalawan téknik milih sampel sacara purposif, kalawan tinimbangan, waktu, tanaga, jeung waragad anu kawatesanan, tur éta sampel téh bakal nganteurkeun panalungtik kana tujuan anu geus ditangtukeun, nya éta di antarana manggihkeun kahasan adegan kalimah tarjamah Qur'an basa Sunda.

Sudjana nyebutkeun, dina sampel purposif, sampel ditangtukeun kalawan tinimbangan anu tangtu diluyukeun kana tujuan panalungtikan. Can aya rumus anu pasti jeung ditarima sakumna pihak pikeun nangtukeun lobana sampel, sabab gumantung kana karakteristik jeung lobana populasi, tujuan panalungtikan, alat/instrumén anu digunakeun, sarta faktor teknis séjénna saperti waragad, waktu, tanaga, jeung lianna (2004: 96). Fraenkel jeung Wallen nyebutkeun, “*Purposive sample/sampling is a nonrandom sample selected because prior knowledge suggests it is representative, or because those selected have needed information* (2007: Appendix G-7)”. Sampel purposif nya éta sampel nonrandom anu dipilih lantaran pangaweruh saméméhna nuduhkeun yén éta téh réprésentatif atawa dipilih lantaran mibanda informasi anu dipikabutuh. Sakumaha nurutkeun

Arikunto (2010: 183), sampel purposif atawa sampel anu mibanda tujuan dilaksanakeun lantaran rupa-rupa tinimbangan saperti waktu tanaga, jeung waragad anu kawatesanan.

Wincikan sampel anu dimaksud katitén dina tabél ieu:

**Tabél 3.2**

**Sampel**

<b>No.</b>	<b>Ngaran jeung Nomer Surat</b>	<b>Ayat nu Dianalisis</b>	<b>Jumlah Ayat</b>	<b>Keterangan</b>
1.	An-Nisaa (4)	1-50	50	Surat Madaniyah
2.	Al-Isnyiqaq (84)	1-25	25	Surat Makiyah
3.	Al-Aadiyat (100)	1-11	11	Surat Makiyah
4.	Al-Humazah (104)	1-9	9	Surat Makiyah
5.	Al-Fiil (105)	1-5	5	Surat Makiyah
Jumlah			100	

### 3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Data mangrupa kalimah tarjamah Qur'an basa Sunda dikumpulkeun ku cara téknik téks, sakumaha ditepikeun ku Langacker dina Sudaryat (2003: 34) yén téknik téks dipaké mun data basa dikumpulkeun tina sumber tinulis saperti koran, majalah, jeung buku, anu dina panalungtikan umum sok disebut téknik ulikan pustaka (studi pustaka, bibliografis).

Ari léngkah-léngkahna dina ngumpulkeun data téh kieu.

- a. Obsérvasi jeung indéksing kana sajumlahing kitab tarjamah jeung tafsir Qur'an;
- b. Nangtukeun judul kitab tarjamah anu baris dijadikeun sumber data;
- c. Ngitung jumlah ayat tur nyieun daftarna;
- d. Nangtukeun 50 ayat Madaniyah jeung 50 ayat Makiyah pikeun sampel panalungtikan;
- e. Nangtukeun ngaran surat jeung nomer ayat anu rék dijadikeun sampel panalungtikan.

### **3.6 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan téh mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data atawa cara pikeun ngajaring data anu diperlukeun pikeun ngajawab pertanyaan panalungtikan (Arikunto, 2002: 102).

Lian ti panalungtik salaku instrumén, aya instrumén lian anu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa kartu data, saperti gambar ieu di handap.



<b>No: 76</b> <b>4/34/5</b>
Saéstuna Alloh téh Maha Luhung, Maha Agung.
Klausa 1: Saéstuna/Alloh téh/Maha Luhung Klausa 2: Maha Agung
<b>Adegan</b> Klausa 1: Klausa Bébas: K:Modalitas/Kapastian + J:FB/Palaku + C:KG Statif/Kalakuan Statif Klausa 2: Klausa Bébas: C:KG Statif/Kalakuan Statif
<b>Gemblengan adegan kalimah:</b> Klausa 1 Klausa Bébas (K:Modalitas/Kapastian + J:FB/Palaku + C:KG Statif/Kalakuan Statif) + Klausa 2 Klausa Bébas (C:KG Statif/Kalakuan Statif) + Infi.
<b>Papasingan</b> Wangun kalimah rangkepan satata, tatali harti jumlah, kalimah pagawéan statif.
<b>Catetan:</b> konjungsi koordinatif minangka pananda tatali jumlah nyamuni, diganti ku tanda koma (,).

**Gambar 3.1**  
**Conto Kartu Data**

Kartu data di luhur nerangkeun kieu:

No. 76 hartina éta kartu data téh mangrupa urutan ka-76 tina sajumlahing kartu data. Kodeu 4/34/5 diwincik: angka 4 hartina kalimah tina tarjamah Qur'an surat ka-4 (An-Nisaa), angka 34 hartina ayat ka-34 dina éta surat, angka 5 hartina mangrupa kalimah tarjamah kalima anu aya dina éta ayat. Bagian saterusna uni kalimahna. Bagian saterusna rucatan kalimah. Bagian saterusna rucatan/analisis adegan kalimah. Bagian saterusna papasingan kalimahna: ditilik tina wangun

kalimah, tatali harti antarklausa upama diwangun ku dua klausa atawa leuwih. Dipungkas ku catetan, upama aya hal-hal anu katimbang perlu pikeun dicatet.

### 3.7 Prosedur Analisis Data

Prosedur anu dipilampah dina ieu panalungtikan nya éta maca kalawan gemet sampel panalungtikan. Data kalimah tarjamah diketik dina instrumén panalungtikan anu geus disadiakeun. Sampel panalungtikan dianalisis ku cara ngarucat kalimah kalawan ngagunakeun tiori anu geus ditangtukeun.

Nganalisis data basa dilaksanakeun ku cara téknik analisis unsur langsung (*Immediette constituent*). Kalimah anu nyampak mangrupa data basa dirucat kana unsur-unsur langsung pangwangunna, ditangtukeun fungsi sintaksisna, dirucat katégori anu ngeusian fungsi-fungsina, dirucat peran sémantisna upama mangrupa kalimah salancar, tur dirucat hubungan sémantis antarklausana upama mangrupa kalimah rangkepan. Hasil rucatan dipasing-pasing kaasup kana papasingan kalimah nu mana, ditungtik upama aya hal-hal anu has anu husus dina adegan kalimahna, dicatet dina kartu data pikeun didéskripsikeun tur pamungkas dijieun kacindekanana.

Pikeun jéntréna, léngkah-léngkah analisis diwincik ieu di handap.

- a. Ngodeuan data;
- b. Ngetik kalimah tarjamah dina kartu data per kalimah;
- c. Ngarucat kalimah kana bagian-bagian kalimah anu jadi unsur langsungna;
- d. Nganalisis fungsi-fungsi kalimah;
- e. Nganalisis katégori-katégori anu nyicingan fungsi-fungsi;

- f. Nganalisis peran sémantis dina unggal fungsi atawa hubungan sémantis antarklausa (upama kalimah diwangun ku dua klausa atawa leuwih);
- g. Nangtukeun papasingan kalimah;
- h. Nyatetkeun hal-hal anu kaitung perlu dicatet;
- i. Ngitung frékuénsi adegan kalimah anu nyampak dina hasil analisis;
- j. Ngitung frékuénsi tatali harti antarklausa dina kalimah rangkepan anu nyampak dina hasil analisis;
- k. Nyeueun rékapitulasi adegan kalimah katut tatali harti;
- l. Nimukeun kahasan adegan kalimah tarjamah;
- m. Ngadéskripsikeun adegan kalimah tarjamah anu nyampak tina hasil analisis;
- n. Ngadéskripsikeun kahasan adegan kalimah tarjamah; jeung
- o. Nyusun kacindekan.